

# VAKSEN POLYO

SA KI TA BON POU OU TA KONNEN

## 1 Kisa polyo a ye?

**Polyomyelit (polyo) se on maladi epi se viris ki lakoz li.** Viris la antre nan kò on ti moun (ou byen gran moun) pa bouch li. Gen de pafwa li pa bay maladi grav. Men gen de lè li ka koze ke yon moun vin paralize (li ka pa ka fè mouvman a bra l ni a pye l). Li ka touye moun ki pran l, anpil fwa se paralize li paralize mis yo ki la pou fè moun nan respire.

Polyo se on maladi ke nou te rankontre anpil o Zeta Zini. Li te paralize epi li te tiye anpil moun chak ane anvan yo te rive jwenn on vaksen pou konbat li.

## 2 Pou kisa mwen ta dwe pran vaksen an?

**Vaksen ki bloke polyo a (IPV) ka fè on moun pa pran polyo.**

**Istwa:** Nan lane 1916 te gen on epidemi polyo o Zeta Zini ki te tiye 6,000 moun epi paralize 27,000 lòt moun. Nan kòmansman ane 50 yo, te konn genyen plis pase 20,000 ka polyo chak ane. **Nou kòmans bay vaksen polyo a nan ane 1955.** Rive nan ane 1960, kantite ka polyo desann pou vin nan 3,000 yo konsa, epi lè nou rive nan ane 1979 te gen 10 ka sèlman. Siksè vaksen polyo a o Zeta Zini ak lòt peyi fè ke tout moun nan le mond antye vin fè jefò pou elimine maladi polyo a.

**Jodi a:** Pa gen pyès rapò sou pyès tip polyo ke yo dekouvri o Zeta Zini depi plis pase 20 tan. Men maladi a toujou la nan kèk lòt zòn sou tè a. On sèl ka polyo sèlman ki soti nan on lòt peyi pou kont pal ka pote maladi a tounen nan peyi a ankò si nou pat gen vaksen an ki tap pwoteje nou. Si nou ta reyisi nan jefò n ap fè pou nou elimine maladi a nan le mond antye, on bon jou nou pap bezwen vaksen polyo a ankò. Jiskaske jou sa a rive, nou fèt pou nou kontinye fè ti moun nou yo pran vaksen an.

### Li Pa Rekòmande pou Moun pran Vaksen Plo a nan Bouch Ankò

Genyen de kalite vaksen polyo: IPV, ki se piki a, e se li nou rekòmande pou moun pran o Zeta Zini jounen jodi a, epi gen on vaksen polyo ou ka pran dirèkteman nan bouch (OPV), ki sou fòm gout ke ou ka vale.

Pa gen lontan de sa nou te konn rekòmande OPV pou pi fò ti moun o Zeta Zini. OPV te ede nou elimine polyo nan peyi a, e gen anpil kote sou tè a yo toujou sèvi avè l.

Tou de vaksen yo fè maladi polyo a pa ka antre sou ou, men OPV a pi bon paske li fè ke maladi a pa antre sou lòt moun ki pat ko genyen l. Men gen kèk moun, (a peprè on moun sou chak 2.4 milyon moun), vaksen OPV a fè maladi a antre sou yo. Paskè chans pou on moun trape polyo a o Zeta Zini vin ba anpil, ekspè yo kwè ke li pa nesesè ankò pou nou pran risk pran vaksen an nan bouch, eksepte nan kèk ka espesyal ke doktè w la ka eksplike w. Piki polyo a IPV pa bay maladi polyo a. **Si ou menm ou byen pitit ou gen pou nou pran OPV a, mande on foto kopi dokiman ki gen dokiman ki bay plis enfòmasyon sou Vaksen an.**

## 3 Kiyès ki ta dwe pran vaksen polyo a, epi kilè pou yo ta prann?

IPV se on piki ke yo bay nan janm ou byen nan bra, sa depann de laj ti moun nan. Ou ka pran vaksen polyo a menm lè w ap pran lòt vaksen.

### Ti Moun

Pi fò moun fèt pou yo pran vaksen ki pwoteje kont maladi polyo a lè yo ti moun. Ti moun yo pran 4 dòz IPV a laj sa yo:

- On dòz a 2 mwa
- On dòz ant 6 a 18 mwa
- On dòz a 4 mwa
- On dòz rapèl ant 4 an e 6 an

### Gran Moun

Pi fò gran moun pa bezwen pran vaksen polyo a paske yo te deja pran vaksen an lè yo te ti moun. Men genyen twa gwoup gran moun ki gen pi fò chans pou yo pran maladi a pase lòt moun, e li ta bon pou moun sa yo ta konsidere pran vaksen polyo a:

- (1) moun ki ap vwayaje nan peyi sou latè ki gen anpil ka polyo,
- (2) moun ki ap travay nan laboratwa ki ka vin an kontak ak viris polyo a, epi tou
- (3) moun ki ap travay nan branch la sante, ki ap pran la swenyay maladi ki ka gen polyo.

Gran moun ki nan twa gwoup sa yo epi ki pa te janm pran vaksen ki pwoteje yo kont polyo dwe pran 3 dòz IPV:

- Premye dòz la nenpòt kilè
- Dezyèm dòz la on mwa ou byen 2 mwa apre premye dòz la,
- Twazyèm dòz la, ant 6 a 12 mwa apre dezyèm dòz la.

Gran moun ki nan twa gwoup **sa yo ki te pran youn ou byen 2 dòz** vaksen polyo a deja ta dwe pran youn ou byen 2 lòt dòz ki rete yo. Li pa enpòtan konbyen tan ki pase depi moun nan te pran dòz anvan yo.

Gran moun ki nan twa gwoup **sa yo ki te pran 3 dòz** ou byen plis dòz toujou nan vaksen polyo yo deja (IPV oswa OPV) gen dwa pran on dènye dòz IPV.

Mande moun ki ap pran la swenyaj ou a pou yo ba ou plis enfòmasyon.

Polio Haitian-Creole 1/1/2000

## 4 Gen moun ki pa ta sipoze pran IPV, oubyen li ta bon pou yo ta tann.

### Moun sa yo pa fèt pou yo pran IPV:

- Nenpòt moun ki te fè on reyaksyon alèji a antibyotik sa yo deja: **neomisin, estreptomisin ou byen polimiksin B** ki te mete lavi yo an danje pa fèt pou yo pran piki vaksen ki pwoteje moun kont polyo a.
- Nenpòt moun ki te fè on alèji grav a on piki vaksen polyo deja pa fèt pou yo pran on lòt.

### Moun sa yo fèt pou yo ret tann:

- Nenpòt moun ki pa fin twò santi yo pòte yo byen, sa ki malad grav lè yo te gen rande vou pou yo al pran vaksen an, abityèlman fèt pou yo ret tann yo fin refè anvan yo pran vaksen polyo a. Moun ki pa malad anpil, tankou moun ki gen on grip konsa, ka pran vaksen an.

Mande doktè w la pou li ba ou plis enfòmasyon.

## 5 Ki risk ki genyen nan pran IPV a?

Gen moun ki pran vaksen IPV a ki vin gen doule ak yon mak ki leve kote yo te pran piki a. Pa janm gen pyès ka ke yo konnen kote tip vaksen yo bay kounyè yo lakoz pyès pwoblèm grav, epi pi fò moun ki pran vaksen an pa janm gen okenn pwoblèm grav lè yo pran l.

Men on vaksen menm jan a tout lòt medikaman ka toujou bay pwoblèm serye, tankou on alèji ki grav. *Risk pou on vaksen polyo lakoz on ka ki grav, ou byen touye on moun, piti anpil.*

## 6 E si vin gen on pwoblèm grav?

### Kisa mwen ta dwe ap siveye?

Siveye nenpòt ki sityasyon ki pa nòmal tankou on alèji grav, la fyèv ki fò anpil, ou byen konpòtman ki pa nòmal.

Si ou ta vin genyen on alèji grav, l ap rive kèk minit ou byen de twa zèd tan apre ou fin pran vaksen an. Men siy on moun ki fè on alèji ki grav yo: si li vin difisil pou ou respire, si ou santi ou fèb, si kè w ap bat vit, gratèl, toudisman, si w ap pèdi koulè, ou byen si ou santi gòj ou ap anfle.

### Kisa m dwe fè?

- Rele on doktè ou byen mennen moun nan kay on doktè menm kote a.
- Di doktè a sak sot pase, dat avèk lè li te pase a, epi kilè ou te pran vaksen an.
- Mande doktè a, mis la, ou byen moun kab ba ou swenyaj la pou yo ranpli on fòm ki fè Rapò sou Move Reyaksyon Vaksen an fè sou ou (VAERS), ou byen rele nimewo gratis VAERS la ou menm menm nan **1-800-822-7967**.

Lè on rapò fèt sou on move reyaksyon on vaksen fè sou on moun, sa ede ekspè yo konnen kalite pwoblèm ki ka genyen nan vaksen an.

## 7 Pwogram Nasyonal ki Dedomaje Moun ke Vaksen an fè Malad

Si tout fwa ou menm ou byen pitit ou ta youn nan ka ra sa yo kote nou ta fè on alèji grav avèk on vaksen, gen on pwogram federal ki ka ede peye pou pran swen moun ki vin malad yo.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal ki Dedomaje Moun ke Vaksen an fè Malad, rele **1-800-338-2382** ou byen vizite wèb sayt pwogram sila nan <http://www.hrsa.gov/osp/vicp/>

## 8 Kijan mwen ka fè pou m jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè w la ou byen mis la. Yo ka ba w on papye ki gen enfòmasyon sou vaksen an, ou byen yo ka di w ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon.
- Rele pwogram vaksinasyon ki nan departman sante nan vil kote ou rete a ou byen nan eta ou ap viv la.
- Kontakte Sant ki Kontwòle epi kap ede fè Prevansyon pou Konbat Maladi yo (CDC):

- Call 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)

-Vizite wèb sayt Pwogram Nasyonal Vaksinasyon an nan <http://www.cdc.gov/nip>

U.S. DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES  
Centers for Disease Control and Prevention  
National Immunization Program

Polio (1/1/2000) • Vaccine Information Statement • 42 U.S.C. 300aa-26  
Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

Haitian Creole